

Gid ou pou gadri ak edikasyon pou debitan (Early Education)

Pwogram sa yo ofri anviwònman aprantisaj ki sennesof ak pozitif pou timoun sosyalize yo ak eksplòre.

Pou jwenn plis èd, kontakte NYC Public Schools nan 718-935-2009.

Etap 1: Konprann tip pwogram gadri yo ofri

- ▲ Timoun ant laj 6 semèn ak 3 lane → Aplike pou **tibebe & nourison**
- Timoun ki vin gen laj 3 lane nan dat 31 desanm pou pi ta ane sa a → Aplike pou **3-K**
- Timoun ki vin gen laj 4 lane nan dat 31 desanm pou pi ta ane sa a → Aplike pou **Pre-K**

Etap 2: Chwazi yon pwogram pitit ou a elijib pou ale

Pwogram jounen ak ane lekòl pwolonje

▲ Tibebe nourison ● 3-K ■ Pre-K

Pri: Gratis oswa ak pri ba

Orè: 8 oswa 10 èdtan

Mwa: Tout ane a (12 mwa)

Kritè pou elijib: Satisfè 1 ak 2 ki pi ba a.

1. revni w pi ba pase kèk kantite, gade tablo ki pi ba a:

Kantite moun ki nan fanmi	Revni anyèl
2	0\$ - 73 869\$
3	0\$ - 91 250\$
4	0\$ - 108 631\$
5	0\$ - 126 012\$
6	0\$ - 143 393\$

Sonje: Revni an chanje chak ane, verifye nan schools.nyc.gov/enrollment/

2. Ou satisfè yonn nan rezon ki apwouve sa yo pou swen:

- Ou travay 10 èdtan oswa plis pa semèn.
- Ou nan yon pwogram edikasyon oswa nan yon pwogram trening pwofesyonèl.
- W ap chèche travay.
- W ap viv nan lojman tanporè.
- W ap patisipe nan sèvis pou vyolans domestik.
- W ap resevwa tretman pou izaj dwòg.

Head Start

▲ Tibebe nourison ● 3-K ■ Pre-K

Pri: Gratis

Orè: 8 oswa 10 èdtan

Mwa: Tout ane a (12 mwa)

Kritè pou elijib: Satisfè yonn nan bagay sa yo.

- revni w pi ba pase kèk kantite, gade tablo ki pi ba a:

Kantite moun ki nan fanmi	Revni anyèl
2	0\$ - 20 440\$
3	0\$ - 25 820\$
4	0\$ - 31 200\$
5	0\$ - 36 580\$
6	0\$ - 41 960\$

Sonje: Revni an chanje chak ane, verifye nan schools.nyc.gov/enrollment/

- Ou gen yon timoun ki nan fwaye dakèy (foster care).
- W ap resevwa Revni sekirite anplis (Supplemental Security Income, SSI).
- W ap resevwa èd sou fòm lajan cash nan Administrasyon resous imèn (Human Resources Administration.).
- W ap resevwa pwogram èd nitrisyon siplemantè (Supplement Nutritional Assistance Program, SNAP).
- W ap viv nan lojman tanporè.

Jounen Lekòl

● 3-K ■ Pre-K

Pri: Gratis

Orè:

6èdtan ak 20 minit

Mwa:

Septanm rive jen (10 mwa)

Kritè pou elijib: Yo aksepte tout moun

Pou Head Start & jounen lekòl

Timoun yo elijib kèlkeswa estati sitwayen yo oswa sityasyon limigrasyon yo.

Etap 3: Konfime si gen yon plas ki vid pou pitit ou a

 Pou tout pwogram yo, swiv etap ki pi ba yo

1. Ale nan [MySchools.nyc](https://www.myschools.nyc), ou pa bezwen konekte (log in.>
2. Klike seksyon  **Anyè lekòl la** a. Chwazi tip pwogram w ap chèche a.
3. Antre non yon pwogram lè w itilize opsyon kat la, oswa chèche opsyon yo nan domèn ou vle a lè w antre yon kòd postal. (Sonje: *Ou ka enskri pitit ou a nenpòt lè, ou pa limite nan kote w ap viv la.*)
4. Klike filtè "ou bezwen yon plas lekòl" [Ou bezwen yon plas pou ane lekòl 2024-25 lan?](#) epi chwazi pwogram w ap chèche a (egzanp, jounen lekòl, jounen ak ane pwolonje ak/oswa Head Start.)
5. Klike sou non founisè a pou elaji deskripsyon pwogram lan ak jwenn jan pou kontakte yo.
6. Rele founisè a pou mande si gen yon plas disponib. Depi yo fin konfime gen yon plas disponib, mande founisè a...
 - pou verifiye si w elijib pou tip pwogram lan. (Sonje: *ou ka wè si w elijib pou chak pwogram nan paj 1 an.*)
 - pou jwenn eksplikasyon sou kòman ou ka voye dokiman yo egziye yo.



[MySchools.nyc](https://www.myschools.nyc)

Kòman enfòmasyon sou jan pou kontakte yo pral parèt

 esenrollment@schools.nyc.gov

 [718-935-2009](tel:718-935-2009)

Etap 4: Enskri pitit ou a nan yon pwogram

jounen ak ane pwolonje



1. Ale nan [MyCity.nyc.gov/s/ChildcareLanding](https://www.mycity.nyc.gov/s/ChildcareLanding)
2. Ale nan "Aplike pou gadri" ('Apply for Child Care'), epi klike "Chwazi swen ki gen kontra a" ('Select Contracted Care')
3. Swiv etap yo pou kreye yon kont nan MyCity.
4. Ranpli aplikasyon w lan! Prepare w pou telechaje dokiman ki montre revni w ak rezon ki apwouve pou swen (gade paj 1 nan gid sa a).

Head Start



1. prepare w pou montre dokiman sou revni w.
2. Fini enskripsyon an avèk pwogram lan.

Jounen Lekòl



1. Fini enskripsyon an dirèkteman avèk pwogram lan.
2. Prepare w pou bay dokiman sa yo:
 - Prèy laj timoun lan (*batistè, paspò, sètifika batèm*)
 - Dosye vaksinasyon(*si li disponib*)
 - 2 prèy adrès (*men egzanp yo: bòdwo sèvis piblik, pyès idantite gouvènman an bay. Pou konnen plis, gade [Lis bagay pou enskripsyon.](#)*)

W ap chèche plis opsyon? Koupon pou gadri ede peye pri swen prive pou timoun epi yo aksepte yo nan plizyè santèn founisè tankou nan pwogram ki nan sant yo ak nan kay prive. Kondisyon pou elijib pou koupon yo se menm ak kondisyon pou jounen pwolonje yo. jwenn plis enfòmasyon sou koupon pou gadri nan [MyCity.nyc.gov](https://www.mycity.nyc.gov)!